

# Ede Lamanten yo!

Tèks Ekspozitwa



Yon Lamanten

Where to See Wild Manatees In Florida

Edward Ball Wakulla Springs State Park

Manatee Springs State Park, Chiefland

Crystal River

Tampa Bay Electric Co.

Lee County Manatee Park

Blue Spring State Park

Merritt Island NWR

Moore's Creek Ft Pierce Utilies

© Travel 4 Wildlife.com

Nou ka jwenn Lamanten nan anpil kote nan eta Florid

*Kesyon Esansyèl: Kòman «Klib Sove Lamanten» yo rive ede Lamanten yo siviv?*

Moun nan Florid yo enkyete! Lamanten yo an danje! Plis pase san lamanten mouri chak ane. Nan douz mwa sèlman gen plis pase 500 ki mouri. Kisa k koze pwoblem sa? Se nou menm moun.

### **Poukisa lamanten yo nan pwoblem?**

Lamanten yo abite nan dlo tyèd ki pa twò fon. Yo abite nan rivyè nan Florid, nan bè ak nan **oseyan**. Yo manje zèb ki grandi nan dlo. Lamanten yo pa gen anpil ènmi akoz lajè yo ak gwosè yo. Yo vle sanble ak elefan. Sepandan moun **menase** kote yo rete. Anpil moun abite nan Florid koulye a ak anpil lòt tou ki vin nan vakans la tou itilize **abitasyon** lamanten yo.

### **Kisa k fè Lamanten yo plis mal?**

Moun yo fè **kous** ak bato nan dlo kote lamanten yo abite. Yo monte sou lamanten yo epi yo touye yo. Najè yo, pechè yo fè yo mal tou ak nas yo.

### **Pran Aksyon**

Klib Sove Lamanten pran kèk aksyon. Yo mete sin kote bato yo ap pase, kote moun yo ap peche ak kote moun ap naje. Klib la anseye moun yo sou kisa pou yo fè pou kapab ede lamanten yo siviv. Se pou yo itilize mwens dlo. Lamanten yo bezwen **resous** tankou dlo pwòp. Koulye a moun k ap viv nan Florid pran plis prekasyon lè y ap pase nan dlo kote ki gen lamanten.



**Aktivite an ti gwoup:**

1) Fè mo yo travay

2)

<b>Mo Vokabilè</b>		
<b>Menase</b>	<b>kous</b>	<b>resous</b>
<b>Oseyan</b>	<b>abitasyon</b>	

3) Reponn kesyon esansyèl la.

4) Krete yon ansèy pou ede sove lamanten yo.